

KO-ENFEKSYON TIBÈKILOZ/VIH: ENFÒMASYON ENPÒTAN KE OU DWE KONNEN



ELIZABETH TEIXEIRA
STERLINE LAURENT

MANAUS - AM
2026

PAWÒL POU KÒMANSE

Gid sa fèt nan sousi pou ede imigran ayisyen k ap viv nan Manaus, objektif li se pataje enfòmasyon ki itil e ki pratik sou maladi VIH ak Tibèkiloz epi ede kominote a pran swen sante li pi byen.

Ladan li w ap jwenn bon jan eksplikasyon sou maladi sa yo, tankou: kisa yo ye, kòman pou pran prekosyon, kote w ka chèche swen e kòman pou byen swiv tout prensip tretman an.


Mwen swete ke materyèl sa pote bonjan sipò pou pèmèt nou pran swen sante pa nou ak sante fanmiy nou ede nou jwenn yon pi bon aksè ak enfòmasyon sou sèvis sante nan Brezil, Sistém Inik Sante (SUS).



SOMÈ

04	VIH
12	TIBÈKILOZ
16	KO-ENFEKSYON TIBÈKILOZ /VIH
20	KWAYANS AK MIT
21	PWEN ENPÓTAN
22	DÈNYE MO YO
23	REFERANS

ENFÒMASYON SOU VIH



VIRIS LA

VIH se yon viris ki atake sistèm pou defann ak proteje kò moun.



MALADI A

SIDA se maladi viris VIH la koze.




DIFERANS


Trape VIH, oubyen viv ak viris sa nan san w pa vle di touswit ke w w'ap devlope maladi SIDA !!!.

VIV BYEN POSIB !



Avèk bon jan tretman san sote jou ,majorite moun ki gen jèm VIH la nan san yo gen chans pou yo pa janm devlope maladi SIDA a.



ZERO 
**CHANS POU
TRANSMÈT**

KÒMAN OU KAPAB TRAPE VIRIS LA

Men fason ou kapab trape viris la :

Fè bagay san pwoteksyon



Fè bagay san w pa mete kapòt

Transmèt jèm lan bay ti bebe a



Manman ki gen viris la ka bay timoun lan: pandan li ansent, pandan l ap akouche, pandan l ap bay tete.

Pataje Sering



Sèvi ak materyèl pèsònèl ki ka blese koupe pike moun apre ke yon moun ki gen viris la finn itilize l

pataje

Transfizyon san kontamine




Kontak san ak san

KÓMAN POU FÈ PREVANSYON

Mwayen pou proteje tèt ou Kont VIH

Mete kapòt



Mete kapòt chak fwa
w ap fè bagay

Fè tès despitaj rapid



Toujou al fè tès
despitaj rapid nan
sant sante

Pa pataje materyèl ki ka koupe



Evite pataje tout materyèl
ki ka koupe, pike oubyen
blesse moun

Ale nan sant sante



Chèche chemin lopital, si ou
viv yon moman riske kote
ou te an kontak nan jan de
sitiyasyon sa yo, ak yon
moun ki gen viris la.

DEFANSÈ KONT VIH

PrEP ak PEP



PrEP (PROFILAKSI AVAN W EKSPOZE)

Kisa li ye: Medikaman ou pran chak Jou pou anpeche viris la antre.

kiyès ki dwe pran l: Moun ki gen pi gwo chans antre an kontak ak yon Moun ki enfekte.



PEP (PROFILAKSI APRE W EKSPOZE)

Kisa li ye: Prevansyon nan ka ijans apre yon risk
Dire li: itilize pandan 28 jou.



DWE KÒMANSE AVAN 72 ÈD TAN.



PI BON MOMAN OU KA PRAN L SE 2 ÈD TAN APRE OU EKSPOZE.

DEPISTAJ VIH

Yon moun ki gen viris la ka pa gen okenn siy. Se sa k fè li enpòtan, pou al fè tè rapid la nan sant sante poux ka konnen si ou kontamine ak viris la.



Tès rapid la reyalize nan sant sante(UBS).



Tès rapid la fèt a pati san ke yo pran nan pwent dwèt ou lè yo pike w.



Li gratis!



Rezilta se sekre w, li disponib touswit apre w finn fè tè la nan sant lan !

KIJAN POU TRETE

Tretman pèmèt ou viv byen, swiv randevou nan sant sante yo gen anpil enpòtans nan sa .



Tretman rive fèt ak yon konbinezon plizyè medikaman.



Jeneralman yon konprime chak jou nan menm lè a.



Pou tretman an byen mache fòk prensip pou pran medikaman yo byen respekte.



Pran medikaman an byen chak Jou pèmèt ou gen kontwòl viris la e rive pa transmèt li.

BON JÈS POU MOUN KAP VIV AK VIH NAN SAN YO.

Swen chak Jou kap pèmèt ou viv byen ak viris la:




Toujou pran remèd la chak Jou.



Pinnga kanpe tretman an, ni sote jou.



Toujou ale nan randevou nan sant sante a.



Al fè egzamen chaj viral chak sis mwa.



Si ou santi siy maladi a, chèche chemen lopital.




Toujou itilize kapòt lè w ap fè bagay!




Toujou mete an pratik abitud kap kenbe kò w an sante.

TIBÈKILOZ (TB)

Se yon maladi enfeksyon kew trape nan yon bakteri




Li pase de yon moun ki gen Tibékiloz a yon lòt moun ki pa gen bakteri a.




Passaj sa fèt pa mwayen lé nap respire a ki pote li ale.



Bakteri a rantre nan kó moun lan pandan lap respire.



Maladi a rantre pi fasil nan poumon yo.



Konsa tou ou ka gen Tibékiloz deyò poumon yo tankou: nan fwa ,nan sèvo, nan ren ak nan zo.

SIY AK SENTOM TIBÉKILOZ




**Touse de tanzantan oubyen krache san
ki dire plis ke 2 semènn**



Lafyèv



Swe lanwit



Pèdi pwa



Doulè nan lestomak



Gwo fatig ak kò kraze

DYAGNOSTIK TIBÈKILOZ

Pi bon metòd la se egzamen tèk rapid !

Tèk rapid



Li fèt nan sant sante.
Rezilta rapid e li gratis.

Egzamen krache



Egzamen krache a fèt avèk 2 echantiyon krache separe, pou rekonèt bakteri a.

Kilti bakteri



Pèmèt ou konnen ki kalite bakteri ki pote maladi a.

Radyografi poumon



Pèmèt ou gade nivo maladi a nan poumon yo. Egzamen sa toujou fèt nan ka sa yo.

TRÈTMAN TIBÈKILOZ

TIBÈKILOZ GEN TRÈTMAN!

GRATIS



Tretman an **gratis** e li dwe fèt kòm sa dwa jouk nan fen.

MEDIKAMAN



Tretman an fèt ak antibyotik e li **dire pou pi piti 6 mwa.**

PA KANPE TRETMAN AN



Tretman an dwe fèt jiskake **li fini** menm lè ou pa santi siy yo ankò!

GEN TRETMAN




Lè ou byen fè tretman an Tibèkilo la ap **trete.**

KO-ENFEKSYON TIBÈKILOZ AK VIH

Si w ap viv ak viris la, ATANSYON :

Ko-enfeksyon



Se lè moun ki gen viris VIH la nan san l trape Tibèkiloiz tou.

Plis Risk



Moun ki gen jèm VIH la gen plis chans pou li fè yon Tibèkiloiz ki grav.

Proteksyon ki fèb



VIH la kraze baryè proteksyon kò a li pèmèt Tibèkiloiz la rantre pi fasil.

Kantite CD4 ki ba




Yon nivo CD4 ki ba ogmante chans pou trape maladi Tibèkiloiz la.

KO-ENFEKSYON TIBÈKILOZ AK VIH

Si w ap viv ak viris la, ATANSYON :

Gangliyon yo



Gangliyon yo ki anfle kapab yon siy ke ou gen Tibèkilo.

Pa gen siy dirèk



Ko-enfeksyon Tibèkilo ak VIH pa gen siy dirèk ki pèmèt ou rekonèt li. Moun nan ap gen siy TB.

Verifye



Poze kesyon sou Tibèkilo chak lè w al nan konsiltasyon.

Konsilte!



Si ou remake kèk siy Tibèkilo al konsilte touswit.

KÒMAN POU PWOTEJE TÈT OU KONT KO-ENFEKSYON

Si w ap viv ak viris VIH la, ATANSYON :

Rete veyatif



Fè atansyon si ou wè ou
gen tous, oswa nenpòt
nan sentòm Tibèkilozyo.

Mete mas



Mete mas lè w kote ki gen
anpil moun e sitou lè w
tou pre moun k ap touse.

Swiv tretman an



Swiv tretman an byen.
Pa kanpe ni sote dòz yo.

Pa kanpe!



Pa kanpe tretman an ni
sote dòz medikaman an!

TRETMAN KO-ENFEKSYON TIBÈKILOZ AK VIH

Tretman an se konbinezon medikaman Tibèkiloz ak VIH.

Kòmanse rapid



Dwe kòmanse tretman
touswit e kontinye li
kòrèkteman!

Faz entansif



konsiltasyon chak
semènn, pandan 2
premye mwa yo.

Faz antretyen



Aprè 4 mwa: randevou
chak 15 jou, apre sa chak
mwa jiskake tretman an
fini.

Swiv tretman an kòm sa dwa!



Swiv tretman an jouk nan
fen!

KWAYANS AK MIT

**TB se maladi moun
ki pòv?**



Se pa vre! nenpòt moun ka
trape Tibèkiloz.

**Depi w gen VIH w
ap mouri?**



Se pa vre! VIH gen tretman
ki pèmèt ou viv byen.

**Tretman VIH ka
anpeche ou pran
Tibèkiloz?**



Se pa vre! Li diminye chans
pou genyen l men li pa
anpeche ou trape li.

**Imigran pa gen
dwa?**



Se pa vre! Imigran ki ap
viv nan peyi Brezil gen
dwa ak system sante
brezilyen an (SUS).

PWEN ENPÒTAN YO

KÒMAN POU FÈ KAT SUS

Ale nan yon sant sante(UBS).

Kote pou jwenn swen nan Manaus siw santi siy ko-enfeksyon:



Policlínica Comte Telles

Rua J, s/n - São José, Manaus-AM.



Policlínica José Antônio da Silva

Tv. Aroeira do Campo, 55 - Monte das Oliveiras,
Manaus-AM.



Fundação de Medicina Tropical Dr. Heitor Vieira Dourado

Av. Pedro Teixeira, s/n - Dom Pedro, Manaus-AM.

DÈNYE MO YO

- **Pran swen sante ou.**
- **Li posib pou viv byen menm si ou gen jèm viris VIH la nan san w.**
- **Pran tretman byen chak jou enpòtan pou kapab kontwole VIH la e trete Tibèkiloiz la.**
- **Pa kanpe tretman an.**
- **Prejije ak move enfòmasyon ka lakoz moun yo abandone tretman an e aji sou sante yo.**
- **Pa pote move jijman sou moun ki gen VIH**
- **Moun ki gen viris la gen menm dwa ak nou tout pa méprize yo !!**
- **Soutn, sipòte se pran swen .**
- **Chèche enfòmasyon !**
- **Pran swen ak respè kapab sove vi.**

REFERANS

BRASIL. Ministério da Saúde. Coinfecção TB-HIV, 2013.

BRASIL. Ministério da Saúde. ILTB, 2022.

RASIL. Ministério da Saúde. PCDT HIV, 2023.

BRASIL. Ministério da Saúde. Manual de Tuberculose, 2024.